

# عِيسَىٰ وَنَٰنَ كَتَنَم

نُ جُجِي كَت تِيرَبِ اِنجِيل

لُوڭ سَا 39-22.8

## عِيسَىٰ دَلَّ نَ نِڭلَو ل

﴿٢٢﴾ بِنِ پَسَلِ عِيسَىٰ دُكُونِ ڳَالِ، مُوڭِ اَيِ تَالِيْمِ. مُرِ  
نِ لِيْنِ: «نَنْ جَلَّ تَ وَلَا دَخَّ كِ.» نِ دَلِدِ دَمِ. ﴿٢٣﴾ نَكَّ  
لِيْنِي دَمِ نَكَّ، عِيسَىٰ نَلَو. نِڭلَو لِ رِي دَلِ تَ كَوِ دَخِ  
ڳَ، ڳَالِ ڳَ فَيْسِ اَكِ نَدَخِ، بِنِ نَرِ شَنَكِ. ﴿٢٤﴾ تَالِبِ  
يِ پِي عِيسَىٰ، نِ كِ: «نَجَاتِڳَ، نَجَاتِڳَ، نِ نِڭ شَنَكِ!»  
مُرِ پُو، ڳَدَّ نِڭلَو لِ اَكِ ڳَنَخِ يِ رِي يِ. لِيْپِ دَلِ،  
نِ تَكِ. ﴿٢٥﴾ عِيسَىٰ نِ تَالِبِ يِ: «اَن سِيْنِ نِڭمِ؟»  
نِ نِڭ بُولِ تِيْتَانِڳِ اَكِ كِيْمَتَانِ تَ نَانِ تَ سِيْنِ  
پِيْر: «كِي نِڭ مُو دِ كَنْ بِي جُڭ نِڭلَو لِيكِي  
نَدَخِ مِ سَخِ، نِ دِڭلَو لِ كِ؟»

# Issa wone na kàttanam

ñu jukkee ko ci Téereb Injiil

*Luug saar 8.22-39*

## Issa dalal na ngelaw li

<sup>22</sup>Benn bés la Issa duggoon gaal, mook ay taalibeem. Mu ne leen: «Nanu jàll ca wàllaa dex gi.» Ñu daldi dem. <sup>23</sup>Naka lañuy dem nag, Issa nelaw. Ngelaw lu réy dal ca kaw dex ga, gaal gi fees ak ndox, ba ñu nara sàнку. <sup>24</sup>Taalibe yi yee Issa, ne ko: «Njaatige, njaatige, nu ngi sàнку!»

Mu yewwu, gëdd ngelaw li ak gannax yu réy yi. Lépp dal, ne tekk. <sup>25</sup>Issa ne taalibe ya: «Ana seen ngëm?» Na nga boole tiitaange ak kéemtaan te naan ca seen biir: «Kii nag moo di kan bay jox ndigal ngelaw leek ndox mi sax, ñu déggal ko?»

## Issa faj na ku rab jàpp

<sup>26</sup>Ci kaw loolu ñu tëmb ba teereji ca diiwaanu waa Serasa, fa jàkkaarloo ak diiwaanu Galile. <sup>27</sup>Ba Issa wàccee ca tefes ga, jenn waayu dëkk ba dikk dajeeek moom. Waa ja, ay raba ko jàpp. Yàgg naa def yaramu neen te dëkkul ci kër, xanaa sèg ya. <sup>28</sup>Ba mu gisee Issa, daa yuuxu, daanu fa kanamam, daldi xaacu ne: «Yaw Issa Doomu Yàlla Aji Kawe ji, ana lu ma joteek yaw? Dama lay tinu, bu ma mbugal!»

<sup>29</sup>Booba Issa tàmbali naa sant rab wi, mu génn waa ji. Rab wi jàpp na waa ji ay yooni yoon. Su ko defee ñu yeewe ko ay

càllala, jéng ko, ngir wattu ko, mu di ko dagg, rab wi di ko xabtal, jème bérab yu wéet.

<sup>30</sup>Issa ne ko: «Noo tudd?» Mu ne ko: «Coggal.» Ndax rab yu baree duggoon waa ji. <sup>31</sup>Rab yi nag tinu Issa, ngir mu bañ leena yebal ca xóote ba.

<sup>32</sup>Ag coggalu mbaam-xuux yu baree nga woon foofa, di fore ca tund wa. Rab ya tinu Issa, ne mu may leen, ñu dugg mbaam-xuux ya. Mu may leen ko. <sup>33</sup>Rab ya nag génn nit ka, dugg mbaam-xuux ya, coggal ga bartaloondoo, tàbbi ca dex ga, daldi lab. <sup>34</sup>Sàmm ya gis la xew, daldi daw, nettaliiji ko waa dëkk ba, ak dëkk-dëkkaan ya. <sup>35</sup>Nit ña riire ca, di seet la xew.

Naka lañu dikk ba ci Issa, yem ci nit ki rab wi teqlikool, mu ànd ak sagoom, solu, toog ca wetu Issa. Ñu daldi tiit. <sup>36</sup>Ña ko fekke woon nag, nettali leen na boroomi rab ba jote wall. <sup>37</sup>Ci kaw loolu mbooloom diiwaanu Serasa gépp tinu Issa ngir mu jóge ca seen biir te dem ndax tiitaange lu réy lu leen jàpp. Naka la Issa dugg gaal, di dem, <sup>38</sup>nit ka teqlikook rab di ko sarxu ngir ànd ak moom. Teewul Issa yiwi ko, ne ko: <sup>39</sup>«Ñibbil, te nga xamle li la Yàlla defal lépp.» Waa ja it dem di siwal ca dëkk ba bépp, mboolem la ko Issa defal.

Luug saar 9.10-36

### Issa leel na mbooloo

<sup>10</sup>Ba ndaw ya délsee, dañoo nettali Issa mboolem la ñu def. Mu ànd ak ñoomu neen ba sore, ca wetu dëkk ba ñuy wax Beccayda. <sup>11</sup>Teewul nit ña yég ne fa la dem, daldi ko topp. Issa dalal leen, di leen wax ci mbirum nguuru Yàlla, ña aajowoo am paj, mu wéral leen.

### عیسیٰ فَجَّ نَ كُ رَبِّ جِبِّ

<sup>26</sup>بِ كَو لُولُ نِ ثَمَبِّ بَ تِيرِجِ تَ دِيَوَانُ وَآ  
سِرْسَ، فَ جَكَّارْلُو أَكْ دِيَوَانُ كَلِّلِ. <sup>27</sup>بَ عَيْسَى  
وَيِّي تَ تَفْسُ كْ، جَنَّ وَآيِ دُكَّ بَ دَكَّ دَجِيكُ  
مُومُ. وَآ جَ، آيِ رَبِّ كُ جِبِّ. يَكُّ نَا دَفِ يَرْمُ نِينُ  
تَ دُكُّلُ بَ كَرُ، حَنَا سَكُّ يِ. <sup>28</sup>بَ مُ كَيْسَى  
عَيْسَى، دَا يُوْحُ، دَانُ فَ كَنْمَمُ، دَلِدِ خَاتُ نِ:  
«يُو عَيْسَى دُومُ يَلَّ آجِ كَو جِ، أَنْ لَ مَرَّ جَتِيكُ يُو؟  
دَمَ لِي تِنُ، بُ مَرَّ مَبْكَلُ!»

<sup>29</sup>بُوبَ عَيْسَى ثَمَبَلِ نَا سَنَتِ رَبِّ وَ، مُ كِنَّ وَآ  
جِ: رَبِّ وَ جِبِّ نَ وَآ جِ آيِ يُونِ يُونُ: سُ كُ دَفِي  
نِ يِيوُ كُ آيِ نَلَلِ، جِنْدُ كُ، نِكْرُ وَتُ كُ، مُ دِ  
كُ دَكُّ، رَبِّ وَ دِ كُ خَبْتَلُ، جُمُ بَرِّ يِ وَيْتُ:  
<sup>30</sup>عَيْسَى نِ كُ: «ئُو تُدَّ؟» مُ نِ كُ: «نُكُّلُ.»  
نَدَخُ رَبِّ يِ بَرِّي دُكُونُ وَآ جِ: <sup>31</sup>رَبِّ يِ نَكُّ تِنُ  
عَيْسَى، نِكْرُ مُ بِنِ لِينِ يَبَلُ تَ حُوتِ بَ.

32 أَكْ تُكَلِّمَبَامَ-خُوخُ يُّ بَرِي نَكَّ وُونُ فُوفَ، دِ  
 فَرَّتْ تُنَدَّ وَ: رَبِّي تِنُّ عَيْسَى، نِ مُمِّي لَيْنِ، نِ  
 دُكَّ مَبَامَ-خُوخُ يُّ: مُمِّي لَيْنِ كَ: 33 رَبِّي نَكَّ  
 كِنَّ نِتْ كَ، دُكَّ مَبَامَ-خُوخُ يُّ، تُكَلِّمَ كَ بَرْتَلُونَدُو،  
 ثَبَّتْ دَخْ كَ، دَلِدْ لَبَّ: 34 شَمَّرِي كِسَّ لَ خُو،  
 دَلِدْ دَو، بَتَّلِجْ كَ وَ دُكَّ بَ، أَكَّ دُكَّ-دُكَانِ يُّ:  
 35 نِتْ يُّ رِبْرَتْ، دِ سَيْتْ لَ خُو:

نَكَّ لِنِ دُكَّ بَ بَ عَيْسَى، پَمَّ بَ نِتْ كَ رَبِّ  
 وَ تَقْلِكُولُ، مُمِّي أَدَّ أَكَّ سَكُومُ، سَلُّ، ثُوگُتْ وَ  
 عَيْسَى: نِ دَلِدْ تَيْتْ: 36 نِ كَ فِكَّ وُونُ نَكَّ، بَتَّلِ لَيْنِ  
 نِ بَرُومِ رَبِّ بَ جَبَّ وَ: 37 بَ كَوُّ لُولُ مَبُولُومُ  
 دِيوَانُ سَرَسْ كِپَّ تِنُّ عَيْسَى نَكَّ مُمِّي جُكَّتْ سَيْنِ بِي  
 بَ دَمُ نَدَخُ تَيْتَانِكُ لُ رِي لُ لَيْنِ جَبَّ: نَكَّ لَ عَيْسَى  
 دُكَّ كَالُ، دِ دَمُ، 38 نِتْ كَ تَقْلِكُوكُ رَبِّ دِ كَ سَرُخُ  
 نَكَّ أَدَّ أَكَّ مَوْمُ: تِيوُلُ عَيْسَى يُو كَ، نِ كَ: 39 «نِيْبَلُ،  
 بَ نَكَّ خَمَلِ لَ لَ يَلَّ دَقْلُ لِبَّ:» وَ آجَ إِتْ دَمُ دِ  
 سِيوُلُ بَ دُكَّ بَ بَ، مَبُولُومُ لَ كَ عَيْسَى دَقْلُ:

12 Ba jant di sowat, Fukk ñaak ñaar dikk ne Issa: «Yiwil mbooloo mi, ñu dugg ci dëkk yu ndaw yii ak dëkk-dëkkaan yi ko wër, ngir ñu gis lu ñu lekk ak fu ñu fanaan, ndax fii àllub neen la.» 13 Mu ne leen: «Yeen, joxleen leen lu ñu lekk.» Ñu ne ko: «Nun de amunu lu dul juróomi mburu ak ñaari jën. Xanaa nu dem, nun ci sunu bopp, jëndali mbooloo mii mépp lu ñu lekk!» 14 Lu wara mat juróomi junniy góora nga fa woon. Issa ne taalibe ya: «Dangeen leen di toogal, ñu def géewi juróom fukki nit.» 15 Ñu def noonu, toogal ñépp.

16 Ba mu ko defee Issa jël juróomi mburu ya ak ñaari jën ya, xool kaw asamaan, daldi yékkati kàddug cant, ba noppi dagg mburu ya, jox taalibe ya, ngir ñu taajal ko mbooloo ma. 17 Népp lekk ba regg, ba ñu yóbbu dog ya ca des, muy fukki pañe ak ñaar.

### Piyeer xam na kuy Issa

18 Issa moo beru woon, di julli, taalibe ya feggook moom. Ci kaw loolu mu laaj leen ne leen: «Ana ku nit ñi ne moom laa?» 19 Ñu ne ko: «Ñii nee ñu yaa di Yaxya; ñee ne yaa di Ilyaas; ñale ne kenn ci yonent yu jëkk yaa dekki, di yaw.»

20 Issa ne leen: «Yeen nag, ngeen ne maay kan?» Piyeer ne ko: «Yaa di Almasib Yàlla.» 21 Mu femmu leen nag, sant leen ñu bañ koo wax kenn. 22 Mu neeti: «Fàww Doomu nit ki sonn lu bare, ba dajeek mbañeelu magi askan wi ak sarxalkat yu mag, yi ak firikati yoon yi, te dees na ko rey, ba ñetteelu fanam, mu dekki.»

23 Issa nag wax leen ñoom ñépp, ne leen: «Képp ku bégga dikk topp ma, fàtteel sa bopp, te nga gàddu bés bu nekk, bant bi ñu lay daaj, door maa topp. 24 Ndax képp ku namma rawale sa bakkan, yaay ñakk sa bakkan, waaye képp ku ñakk sa bakkan ngir man, yaa musal sa bakkan. 25 Ndax nit ki, su jagoo àddina sépp sax, te nara ñakk bakkanam mbaa mu

sànkú, ana lu mu koy jariñ? <sup>26</sup> Képp ku kersawoo sama jëmm, kersawoo topp samay wax, yaw itam Doomu nit ki dina la kersawoo, bés bu dikkee ci darajaam ak darajay Baay bi, ak darajay malaaka yu sell yi. <sup>27</sup> Maa leen ko wax déy, ñenna ngi fii taxaw tey, duñu dee te gisuñu nguuru Yàlla.»

### Leeru Issa jolli na

<sup>28</sup> Ba lu wara tollook juróom ñetti fan wéyee gannaaw kàddu yooyu, Issa àndoon na ak Piyeer ak Yowaan ak Yanqóoba, ñu yéeg ca kaw tund wa ngir julli. <sup>29</sup> Naka lay julli, xar kanamam soppiku, ay yéream weex tàll, di melax. <sup>30</sup> Ci kaw loolu ñaari nit jekki feeñ, di waxtaan ak moom; ñuy Yonent Yàlla Musaa ak Yonent Yàlla Ilyaas. <sup>31</sup> Ñoo feeñ ci ag leer, di waxtaane dèddug Issa, ga mu doon waaja sottale fa Yerusalem. <sup>32</sup> Booba ngëmmenta ngay man Piyeer ak ña mu àndal. Ba ñu teewloo nag lañu gis leeru Issa, ak ñaar ña mu taxawal. <sup>33</sup> Ba ñu demee ba ñaari nit ñooñu di bàyyikoo fa Issa, Piyeer ne ko: «Njaatige, su nu toogoon fii de, mu baax ci nun; nan yékkati ñetti mbaar, benn yaw, benn Musaa, benn Ilyaas.» Waaye booba Piyeer xamul la muy wax. <sup>34</sup> Naka lay wax loolu, aw niir dikk yiir leen, taalibe ya tàbbi ca biir niir wa, tiitaange jàpp leen. <sup>35</sup> Ci biir loolu baat jibe ca niir wa, ne: «Kii moo di sama Doom, ki ma taamu; dégluleen ko.»

<sup>36</sup> Ba baat ba selawee, Issa donja feeñ. Taalibe ya nag ñoom ne cell, waxuñu kenn lenn jant yooyu, ca la ñu gis.

لُوكُ سَار 10.9-36

### عِيسَى لِيْل ن مَبُولُو

<sup>10</sup> ب نَدَوِي دِلْسِي، دَيُو نَتْلِ عِيسَى مَبُولُم ل نِي دَف. مُ اَنَدَّا اَكْ يُوْم نِيْن ب سِر، ب وَتْ دَكْ ب نِي وَخْ بَنِيْد. <sup>11</sup> تِيُوْل نِت نِي پَكْ ن ف ل دَم، دَلِدْ كْ تَب. عِيسَى دَلَل لِيْن، د لِيْن وَخْ ب مَبِرْم نَكُوْر يَل، نِي اَجُوُو اَمْر پَج، مُ وِرَل لِيْن.

<sup>12</sup> ب جَنَت د سَوْت، فُكْ يَاكْ يَار دَكْ ن عِيسَى: «يُوْل مَبُولُو م، نِي دَكْ ب دَكْ نِي نَدَوِي يِي اَكْ دَكْ-دَكَّان يِي كْ وِر، نَكِر نِي كِس ل نِي لَكْ اَكْ ف نِي فَنَان، نَدَخ فِي اَلْب نِيْن ل.» <sup>13</sup> مُ ن لِيْن: «بِيْن، جُخْلِيْن لِيْن ل نِي لَك.» نِي ن ك: «نُن د اَمْن ل دُل جُرُوْم مَبِرْم اَكْ يَار جُن.» خَنَا ن دَم، نُن ب سُنْ بَب، جُنْدَل مَبُولُو مِي مَب ل نِي لَك!» <sup>14</sup> ل وَر مَت جُرُوْم جُنِّي كُوْر نَكْ ف وُون. عِيسَى ن تَالِب يِي: «دَنَكِيْن لِيْن د

ٲوگَل، ٲن ڊف ڪيو جُروم فُڪي نٽ.» 15 ٲن ڊف  
ٲون، ٲوگَل ٲٲ.

16 ٲ م ڪي ڊفي عيسيٰ جُل جُروم مٲرِي آڪي  
ٲارِ جُنِي، خُول ڪو آسَمَان، دَلِڍ ٲڪٽ ڪڏُڪُ  
نٽ، ٲ ٲٲ ڊڪ مٲرِي، جُخ ٲالِٲِي، نڪرِ ٲن  
ٲاڃل ڪي مٲولو مَر. 17 ٲٲ لڪي ٲ رگي، ٲ ٲن ٲٲ  
ڏڪي ٲ ڊس، مِي فُڪي ٲن آڪي ٲار.

ٲٲٲر ڄَم ٲن ڪِي عيسيٰ

18 عيسيٰ مو ٲر وون، ڊ جُلِي، ٲالِٲِي فِڪوڪي  
موم. ٲ ڪو لول م لآج لٲن ٲ لٲن: «آن ڪي نٽ  
ٲن موم لآ؟» 19 ٲن ڪي: «ٲي ٲي ٲن ٲا ڊ ٲڄِي؛  
ٲي ٲن ٲا ڊ اِلِٲاس؛ ٲل ٲن ڪن ٲ ٲٲٲِي جُڪي  
ٲا ڊڪي، ڊ ٲو.»

20 عيسيٰ ٲن لٲن: «ٲٲن ٲڪي، نڪٲن ٲن مآي  
ڪن؟» ٲٲٲر ٲن ڪي: «ٲا ڊ اَلْمَسِٲ ٲل.» 21 م ٲم  
لٲن ٲڪي، سٲٲ لٲن ٲن ٲن ڪو وڄ ڪن. 22 م

ٲٲر و، ٲٲٲانڪي جُٲ لٲن. 35 ٲ ٲٲر لول ٲاٲ جُٲ  
ٲ ٲٲر و، ٲن: «ڪي مو ڊ سَم ڏوم، ڪي م ٲام؛  
ڊڪلٲن ڪي.»

36 ٲ ٲاٲ ٲ ٲلوي، عيسيٰ ڏع فين. ٲالِٲ  
ٲي ٲڪي ٲوم ٲن ٲل، وڄن ڪن لٲن جٲٲ ٲوي، ٲ  
ل ٲن ڪس.

نیت: «فُو ڈومر نِت کِ سن ل بر، ب دجیکے  
مبیل مگ آسگن و اک سزخلکت ی مگ، ی  
اک فرکت یون ی، ت دیس ن کے ری، ب  
پتیل فتم، م دگے»

عیسیٰ نگ و خ لین یومر پ، ن لین: «کپ  
کے بگ دگ تپ م، فیل س بپ، ت نگ گڈ  
پس ب نگ، بت ب ن لی داچ، ڈوز ما تپ۔  
ندخ کپ کے تم رول س بگن، یای یگ س  
بگن، وای کپ کے یگ س بگن نگر من، یا  
مسلس س بگن۔ ندخ نِت ک، س جگو اڈن  
سپ سخ، ت تر یگ بگنم مبا م شنک، ان  
ل م کئی جرن؟ کپ کے کرسو و سمر جم،  
کرسو و تپ سمی و خ، یو اتم ڈومر نِت ک دن  
ل کرسو و، پس ب دگی ب درجام اک درجی  
بای ب، اک درجی ملاکے ی سل ی۔ ما لین  
کے و خ دی، پن نگ فی تخو تی، دن دی ت  
گسن نگور یل۔»

## لیز عیسیٰ جل ن

ب ل ور تلوکے جروم پت فن وہی گتاو گڈ  
یوی، عیسیٰ اڈون ن اک پیپز اک یوان اک  
یعقوب، ن پیگ ت کو تند و نگر جل۔ نک  
لی جل، خر کنم سیک، آئی پریم و یخ تل، د ملخ۔  
ب کو لول یار نِت جگے فین، د وختان اک  
موم؛ یی ینت یل موسیٰ اک ینت یل الیاس۔  
یو فین ب اک لیز، د وختان دڈگ عیسیٰ، گ م  
ڈون و اج ستل ف پرسلم۔ بوب نگمنت نگی  
من پیپز اک ن م اڈل۔ ب ن تیولو نگ لئ کس  
لیز عیسیٰ، اک یار ن م تخول۔ ب ن دی  
ب یار نِت یون د بیکو ف عیسیٰ، پیپز ن ک:  
«نجاتگ، س ن ٹوکون فی د، م باخ ب ن ن؛ نن  
پگت پت مبار، پن یو، پن موسیٰ، پن الیاس۔»  
وای بوب پیپز خمل ل می و خ۔ نک لئ و خ  
لول، او نیز دگے ییز لین، تالب ی تپ ت بیز